

# Rejis Pasyan pou Egzamen Depistaj pou Ti Bebe Eta New York (New York State Newborn Screening Patient Registry)

Yon Pi Bèl Avni Gras ak Sa Nou Aprann nan Eksperyans ou



Poutèt pitit ou a ap patisipe nan Rejis Pasyan pou Egzamen Depistaj pou Ti Bebe Eta New York la (New York State Newborn Screening Patient Registry):

- Pwofesyonèl swen sante yo kapab etidye epi konprann pi byen maladi ki parèt nan tès depistaj tibebe ki fenk fèt yo ak tretman ki pi bon an.
- Pwofesyonèl swen sante yo ap gen aksè nan enfòmasyon sou yon gwoup pasyan ki pi gwo pase sa y ap trete nan klinik yo.
- Kapab gen amelyorasyon nan opsyon depistaj pou tibebe yo nan Eta New York la!

## Sa Ou Dwe Sonje

Pitit ou a ap enskri jiskaske li gen 18 tan. Lè li gen 18 tan, n ap mande pitit ou pèmisyon pou l kontinye patisipe nan etid la jiska laj 21 lane.

Ou kapab mande pou nou sispann pran enfòmasyon sou sante pitit ou a nenpòt lè. Nou p ap pran enfòmasyon ankò apati dat nou resevwa demann ou an.

Ou kapab mande pou yo retire pitit ou a nèt nan pwojè a. N ap retire enfòmasyon nou te pran deja ki nan rejis la epi nou p ap pran lòt enfòmasyon ankò.

Ou dwe voye demann alekri yo nan kourye lapòs oswa nan faks bay:

Newborn Screening Program  
Wadsworth Center  
NYS Department of Health  
120 New Scotland Avenue  
Albany, NY 12208

Faks: (518) 474-0405

[www.wadsworth.org/LTFU](http://www.wadsworth.org/LTFU)



Department  
of Health

Wadsworth  
Center